



Unemployment Insurance
Appeal Board

Sant Odyans Pa Videyo Konferans Gid Patisipan

LADAN L KONTNI

Paj
3

[Prepare w pou odyans pa videyo konferans ou a](#)

Paj
5

[Antre nan odyans pa videyo konferans ou a](#)

Paj
9

[Patisipe nan odyans pa videyo konferans ou a](#)

Paj
11

[FAQ](#)

Prepare w pou odyans pa videyo konferans ou a

1 Verifye Dokiman w yo

Ou dwe gen yon dosye avè w pandan odyans ou a. W ap bezwen avi odyans ou a pou w antre nan odyans ou a.



Gade tout dokiman ou te resevwa ak dosye w la.

2 Konfigire Aparèy Ou a

Ou ta dwe kòmanse konfigire epi teste aparèy ou a omwen de jou anvan dat odyans ou a gen pou l fèt la. Sa ap ede w evite reta ak/oswa pwoblèm.

2 jou anvan

- Telechaje aplikasyon **Cisco Webex** la sou aparèy ou planifye pou itilize pou odyans ou a.
- Pou w asiste odyans ou a sou yon aparèy mobil, ou dwe telechaje aplikasyon **Webex Meetings** nan anvan dat odyans ou an. Ou ka telechaje aplikasyon **Webex Meetings** nan pa mwayen youn nan kòd QR ki pi ba yo.

iPhone	Android
	

- Eseye yon reyinyon tè sòu www.webex.com/test-meeting. Asire w ou teste mikwo ak kamera w.

2

Konfigire Aparèy Ou a (rès la)

30 minit anvan

- Mete telefòn mobil ou sou opsyon Pa Deranje epi dezaktive mòd sleep/standby anvan w antre.
- Antre nan odyans ou a.

Gade seksyon FAQ nan paj 12 ak 13 pou fason pou w chanje paramèt Pa Deranje ak Kòd sou Ekran an.

Si w pa ka chanje paramèt aparèy ou a, al gade tanpri gade [Important Notes](#) nan paj ki vin apre a.

3

Enfòmasyon Enpòtan:

- Si w pa ka chanje paramèt [Screen Lock](#) oswa [Do Not Disturb](#) nan telefòn mobil ou, ou ta dwe disponib epi konsantre nan sal atant Sant Odyans Vityèl la sou ekran w lan. Si w ap eseye patisipe ak yon aparèy mobil, w ap parèt kòm pa disponib pu jij la si navigatè a fèmen oswa si kòd monte sou telefòn ou. Ou ka rate odyans ou a tou. Si w konekte ak yon aparèy mobil, ou ka tape ekran w anvan kòd monte sou ekran w lan pou w ka kite l ouvri. Verifye paramèt ou yo pou w gade pandan konbyen tan ekran w lan rete limen anvan kòd monte sou li.
- Si w ap itilize yon iPhone Apple, iPad, oswa òdinatè Mac, ou dwe itilize navigatè Safari a. Google Chrome p ap mache lè w lanse aplikasyon Webex la.

Antre nan odyans pa videyo konferans ou a

Ou ta dwe kòmanse antre nan odyans ou a 30 minit anvan lè yo planifye odyans ou a. Si w ap itilize yon telefòn mobil, dezaktive kòd la epi mete opsyon “Do Not Disturb” la epi suiv etap ki pi ba yo pou w antre. Ekran w ak navigatè w la dwe rete aktif kou w antre, si se pa sa w ap parèt kòm si w pa disponib.

1

Ale sou www.uiappeals.ny.gov/virtual-hearings.

2

Klike sou bouton **Patisipe nan Odyans** ou a.

3

Sou paj “Virtual Hearings Are Here” la, antre ID Odyans Pa Videyo Konferans lan nan seksyon **Virtual Hearing ID** a. Ou ka jwenn nimewo pou odyans pa videyo konferans ou a nan avi odyans ou a.

4

Peze bouton Kontinye an.

5

Gade Terms and Conditions, (règleman ak kondisyon) yo epi klike sou **I Agree** pou w kontinye.

Komisyon Apèl Asirans Chomaj Eta Nouyòk (UIAB) a fè odyans vityèl pou l pèmèt patisipan yo odyans asirans chomaj la pou rankontre san w pa ale nan lokal odyans lan fèt an pèsòn nan. UIAB fè yon odyans a distans pa mwayen aplikasyon Sant Odyans Pa Videyo Konferans (VHC) a.

Aplikasyon VHC la ak tout done ki sou li yo se pou UIAB yo ye. Itilizasyon ki pa otorize oswa esè w fè pou itilizasyon ki pa otorize ak aplikasyon sa a pa otorize e li ka konsidere kòm yon krim federal oswa eta. Itilizatè yo ap antre nan aplikasyon VHC a sèlman nan dosye yo se yon moun ki gen enterè.

Itilizatè yo dwe respekte lwa Federal ak Eta yo.

6

Chwazi wòl ou nan odyans lan (Moun k ap depoze reklamasyon an, Konpayi, Komisyonè Reprezantan Travay, oswa lòt).

7

Antre imel ou nan seksyon **Email** si w ta renmen resevwa mesaj konsènan odyans sa a.

8

Chwazi “Yes” oswa “No” pou seksyon **Èske w bezwen yon entèprèt pou odyans sa a?** Si w seleksyone “Yes”, w ap bezwen chwazi lang ou.

9

Peze bouton ble **Submit** la.

10

Antre non w nan seksyon **First Name** la ak siyati w nan seksyon **Last Name** nan. Ou ka antre nimewo telefòn ou tou nan seksyon ki **Phone** nan.

11

Peze bouton ble **Submit** la epi ret tann jij la pou l kòmanse odyans ou a.

Lè w fin voye enfòmasyon w ale, y ap voye w nan ekran sal atant vityèl la. Ekran sa a dwe rete aktif sou aparèy ou pou jij la ka wè ou antre nan odyans ou a.

Tanpri remake sa ki annapre a:

- W ap wè yon mesaj ki afiche ki mande w pou w antre nan odyans lan lè jij la kòmanse odyans lan. W ap bezwen klike sou bouton vèt ki ekri “Enter Hearing” pou w lanse aplikasyon Webex la, peze “Join meeting”, epi antre jiskaske jij la aksepte w.
- Odyans yo fèt nan lè yo prevwa yo. Prepare w pou kòmansman odyans ou a lè w disponib e w pran san w pou w koute.
- Odyans yo p ap fèt anvan lè yo planifye a.
- Sitiyasyon w p ap atann ka lakòz reta nan kòmansman odyans ki planifye w genyen an jiska 45 minit. Tanpri, rete disponib si gen yon reta nan lè kòmansman w lan.
- Si w ap konekte nan yon aparèy mobil, ekran w dwe aktif pandan w ap tann odyans ou a. (Dezaktive kòd sou ekran/delè ekspirasyon nan paramèt aparèy mobil ou).
- Pou l ka pi fasil pou w itilize, tanpri enstale Webex anvan odyans ou a. Ou ka telechaje Webez sou <https://www.webex.com/downloads.html>

Pou plis enfòmasyon konsènan pwosesis odyans lan ak pwosedi yo, tanpri ale sou <https://uiappeals.ny.gov/virtual-hearings>.

Patisipe nan odyans pa videyo konferans ou a

N ap raple w, ekran w ak navigatè w la dwe rete aktif kou w antre nan sal atant vityèl la, si se pa sa y ap retire w nan odyans lan.

1

Lè jij la kòmanse odyans lan, w ap wè yon mesaj afiche ak yon bouton **Enter Hearing**.

Klike sou **Enter Hearing** pou w ouvri reyinyon Webex.

Ap gen yon nouvo paj nan navigatè entènèt ou a, e y ap mande w pou w lanse aplikasyon Webex la.

Menm si w bezwen gen aplikasyon Webex la ouvri sou ekran w, **ou pa dwe fèmen paj "Virtual Appointments" la nan sal atant lan si se pa sa y ap retire w.**

2

Ka gen yon mesajki afiche sou navigatè entènèt ou a pou pèmèt aplikasyon Webex la ouvri. Peze bouton **Ouvri Webex** la.

Si w pa vle mesaj sa a monte ankò, koche kare ki mande pou w toujou pèmèt uiabhearings.webex.com ouvri lyen konsa nan aplikasyon ki koresponn nan, epi peze bouton **Open Webex**.

Gade paj ki vin apre a si w ap patisipe ak yon telefòn mobil.

3

Lè aplikasyon Webex ou a lanse, klike sou bouton **Unmute** and **Start video** yo ki anba nan fenèt Webex ki pa anba a.

4

Klike sou bouton vèt **Join meeting** nan.

ANTRE NAN ODYANS OU A AK YON TELEFÒN MOBIL

Lè w klike sou bouton vèt **Enter Hearing** nan ekran sal atant lan, yon nouvo paj ta dwe ouvri nan navigatè w la k ap mande w pou w Ouvri Webex oswa Lanse aplikasyon Webex la. Klike sou **Open** oswa **Launch** pou w ouvri aplikasyon Webex la sou telefòn ou.

L ap pi bon si w telechaje aplikasyon Webex la omwen de jou anvan dat odyans ou a gen pou l fèt la.

1

"Men pa gen yon òdinatè oswa telefòn entèlijan."

Si w pa gen aksè ak yon aparèy elektwonik, ou ka rele pou odyans ou a. Fè (518) 545-3889 pou w antre epi ret tann jij la pou l kòmanse odyans lan.

2

"Mwen se yon reprezantan, entèprèt, oswa temwen. Ki wòl mwen ta dwe seleksyone lè m ap antre?"

Lè w ap antre nan odyans lan, chwazi "Other" kòm wòl ou.

3

"Kisa m ap bezwen gen avè m pou odyans mwen an?"

Ou ta dwe gen tout dokiman odyans ou a avè w anvan odyans ou a kòmanse. W ap bezwen nimewo dosye ki sou avi odyans ou a pou w antre nan odyans ou a.

Si w pa resevwa dokiman yo biwo nou an voye 1 semèn anvan odyans ki planifye a, ou ta dwe rele (518) 402-0210 pou w jwenn èd.

4

Ou bezwen plis èd ak odyans ou a?

Si w gen plis kesyon konsènan odyans ou a, ou ka rele (518) 402-0210.

FAQ (rès la)

5

"Mwen gen yon iPhone. Ki navigatè mwen ta dwe itilize?"

Si w ap itilize yon iPhone Apple, iPad, oswa òdinatè Mac, ou dwe itilize navigatè Safari a. Ou ka gen difikilte teknik pandan w ap lanse aplikasyon Webex la lè w ap itilize Google Chrome sou yon iPhone.

6

"Kijan m ka mete iPhone mwen an sou opsyon pa deranje?"

1. Glise desann sot anlè a dwat nan ekran w lan.
2. Tape sou bouton Focus la ki toupre ti imaj lalin nan.
3. Tape sou Do Not Disturb.

7

"Kijan pou m anpeche kòd monte sou ekran iPhone mwen an?"

1. Ale sou Settings.
2. Klike sou Display & Brightness.
3. Epi klike sou Auto-Lock.
4. Seleksyone Jamè

8

"Kijan m ka mete Android mwen an sou opsyon pa deranje?"

1. Glise desann sot anlè nan ekran w lan.
2. Tape sou Do Not Disturb.

9 "Kijan pou m anpeche kòd monte sou ekran Android mwen an?"

1. Ale sou Settings.
2. Klike sou Security & privacy.
3. Epi klike sou Screen lock.
4. Antre paskòd la.
5. Seleksyone **Okenn**

10 "Kijan pou m anpeche kòd monte sou ekran òdinatè m nan?"

1. Fè klik dwat sou òdinatè w la.
2. Klike sou Display settings.
3. Klike sou Power & sleep nan meni goch la.

Nan seksyon Sleep la:

4. Anba "On battery power, turn off after", seleksyone **Never**.
5. Anba "When plugged in, turn off after", seleksyone **Never**.